



Estado de Massachusetts
Executive Office of Energy and Environmental Affairs
(Biwo Jeneral Zafè Enèji ak Anviwònman)
100 Cambridge Street, Sala 900
Boston, MA 02114

Maura T. Healey
GOUVÈNÈ

Kimberley Driscoll VICE-
GOUVÈNÈ ADJWEN

Rebecca L. Tepper
SEKRETÈ

Tel: (617) 626-1000
Fax: (617) 626-1081
<http://www.mass.gov/eea>

AVI POU ODYANS PIBLIK LA

Biwo pou Lwa sou Politik anviwònman Massachusetts ("MEPA") nan biwo jeneral zafè Enèji ak Anviwònman ("EEA") pral fè yon odyans piblik sou chanjman yo pwopoze pou règleman MEPA yo (301 CMR 11.00).

Amanman yo pwopoze pou rann pwosesis revizyon MEPA a pi senp pou pwojè lojman ak pwojè melanje ki gen lojman ansanm ak lòt itilizasyon, pou yo ka satisfè objektif Leta a genyen pou pwodiksyon lojman. Amanman yo pwopoze tou pou fasilite revizyon pou plan renouvèlman iben konsèptiyèl yo ak pwojè limit ki gen rapò ak restorasyon ekolojik, jan Lwa Pwoteksyon Zòn Marekaj la defini yo nan règleman 310 CMR 10.00.

Odyans Piblik a distans (Anliy) sou pil règleman sa a ap fèt sou Zoom nan dat sa yo:

- 14 Oktòb 2025, 2-4 PM (enskri nan lyen ki pi ba a):
<https://zoom.us/join/zoom/register/-CnBWqcNRIalggBXg0q0Ow>
- 15 Oktòb 2025, 2-4 PM (enskri nan lyen ki pi ba a):
https://zoom.us/join/zoom/register/0mclX2LjRZGerGc4O_QFbg
- 15 Oktòb 2025, 6:30-8:00 PM (enskri nan lyen ki pi ba a):
<https://zoom.us/join/zoom/register/ff6MvpqrRFes9IQrkwfVxw>
- 22 Oktòb 2025, 2-4 PM (enskri nan lyen ki pi ba a):
https://zoom.us/join/zoom/register/Z8_GPeNFS16yTewL1H04YQ

Après odyans piblik yo, n ap pran kòmantè ekri yo jiska **5:00 PM 10 Novanm 2025** sou imel nan MEPA-regs@mass.gov, oubyen pa lapòs nan biwo MEPA a, nan non MEPA Director, 100 Cambridge Street, 10th fl., Boston, MA 02114. Yon kopi pwojè règleman an pral disponib sou sit entènèt MEPA a nan adrès sa a <https://www.mass.gov/regulations/301-CMR-1100-mepa-regulations>, oubyen ou ka jwenn li lè ou voye yon imel nan MEPA-regs@mass.gov.

Pou jwenn yon tradiksyon ekri oubyen yon entèpretasyon pandan odyans piblik yo, tanpri kontakte MEPA-regs@mass.gov (mete "Language Translation Request" nan kazyè Objekt a) Yon kopi prezantasyon odyans piblik la, ansanm ak yon avi sou dat odyans piblik yo, yo te afiche an panyòl, pòtigè, Chinwa senplifye (mandaren), kreyòl ayisyen, ak Vyetnamyen sou sit entènèt MEPA nan <https://www.mass.gov/regulations/301-CMR-1100-mepa-regulations>.

Yo pral bay entèpretasyon oral nan lang ki anwo yo nan odyans piblik yo. Yo dwe resevwa yon demann pou entèpretasyon oral nan lòt lang omwen twa (3) jou ouvrap anvan dat odyans piblik kote yo mande entèpretasyon an. Pou mande lòt aranjman ankò, kontakte Melixza Esenyie, ADA ak Manadjè Divèsite nan Melixza.Esenyie2@mass.gov oswa 617-626-1282.